

**Clinical Coordinating Center**  
Massachusetts General Hospital  
55 Fruit Street, 5LON207  
Boston, MA 02114

**Data Coordinating Center**  
Massachusetts General Hospital  
165 Cambridge Street Suite 400  
Boston, MA 02114

## To Vaksinasyon kont COVID-19 nan yon Kowòt VIH Mondyal

Evelynne Fulda, Heather Ribaud, Steven Grinspoon, and colleagues

<https://academic.oup.com/jid/advance-article/doi/10.1093/infdis/jiab575/6431673>

Depi yo te rapòte premye ka SRAS-CoV-2 bay OMS nan dat 31 desanm 2019 la, plis pase 218 milyon moun te jwenn dyagnostik COVID-19 epi li te pran lavi plis pase 4,5 milyon moun. Gras a yon efò mondyal, konsantre, kounyeya genyen plizyè vaksen ki nan faz devlopman klinik ak pre-klinik. Pandan vaksinasyon a se yon fason san danje epi efikas pou devlope iminite fas avèk viris la, aksè avèk vaksen a varye de yon peyi a yon lòt. Moun ki ap viv ak maladi VIH yo iminodeprime epi yo gen dwa probableman benefisye vaksen kont COVID-19 yo. Sepandan, yo pa konnen anpil bagay sou to vaksinasyon mondyal nan popilasyon konsène sa a. Done ki te kolekte sou to vaksinasyon kont COVID-19 nan etid REPRIEVE la bay yon okazyon inik pou evalye to sa yo atravè yon seri rejyon Chaj Mondyal Mòbidite (Global Burden of Disease, GBD). La a nou konpare to vaksinasyon espesifik chak peyi ant PWH (Moun ki Gen VIH) ki enskri nan esè klinik REPRIEVE la ak to pami popilasyon jeneral la epi evalye karakteristik sila yo ki vaksinen kont COVID-19.

### ➤ **Patisipan:**

- 6952 patisipan REPRIEVE aktif adat 1ye janvyè 2021.
- Laj mwayen: 50 lane
- 32% te fèt fanm. (fanm alanesans)

### ➤ **To Vaksinasyon Kimilatif pami Patisipan REPRIEVE :**

Yo defini vaksinasyon kòm omwen yon dòz nan nenpòt ki vaksen kont COVID-19. To vaksinasyon kolektif la pami patisipan REPRIEVE yo jiska fen jiyè 2021 te 55%. To vaksinasyon yo te pi wo nan sipè-rejyon ki gen Revni Elve a (71%), epi apresya nan Amerik Latin ak Karayib la te (59%), Azi disid (49%), Azi disidès/delès (41%) ak Afrik sibaharyèn (18%). To espesifik chak peyi varye anpil, avèk to vaksinasyon ki pi wo nan Etazini (72%), Perou (69%), ak Brezil (63%) epi pi ba yo nan Afrik Disid (18%), Ouganda (3%), ak Haiti (0%).

### ➤ **Konparezon To Vaksinasyon pami Popilasyon Jeneral la :**

To vaksinasyon nan popilasyon jeneral la te sòti nan bazdone piblik yo. An jeneral, to vaksinasyon nan popilasyon jeneral la te menm avèk sa yo jwenn kay patisipan REPRIEVE yo.

### ➤ **Karakteristik Asosye avèk Vaksinasyon pami Patisipan REPRIEVE :**

Pami tout popilasyon REPRIEVE la, patisipan ki vaksinen yo te gen plis chans soti nan peyi sipè-rejyon GBD revni elve yo epi pou te blan, gason, pi granmoun, genyen yon BMI (endis mas kòporèl) ki pi wo, eskò risk ASCVD pi wo, epi yon ART (terapi antiretroviral) ki dire pi lontan, men yo pa t diferan selon kantite CD4 nan pwen nadir oswa nan pwen debaz la.

**An rezime :** Done REPRIEVE sa yo founi enfòmasyon itil sou kesyon kritik to vaksinasyon kont COVID-19 pami PWH epi souliyen inegalite nan to vaksinasyon yo atravè sipè-rejyon GBD yo. Anplisdesa, done yo montre genyen sou-gwoup pami popilasyon mondyal pi laj PWH yo ki genyen to vaksinasyon fèb epi yo ta dwe sible pou vaksinasyon, pa egzanp, moun koulè ak fanm.

REPRIEVE Trial Website: [reprivetrial.org](http://reprivetrial.org)